

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1. Kasang Tukang

Kiwari ngadongéng téh geus arang kacatur. Boro-boro ngadongéngna, kana dongéngna baé loba nu teu arapaleun, komo barudak jaman kiwari mah, sedengkeun mun ditanya sinétron nu jadwal tayangna jam sabaraha-sabaraha ogé pasti apaleun.

Kolot baheula mah mun maréndé budak méméh saré sok dipangngadongéngkeun heula nepi ka saréna. Rupa-rupa dongéng dicaritakeun timimiti Sakadang Kuya jeung Sakadang Monyét, rupa-rupa dongéng Si Kabayan, Abu Nawas, dongéng karajaan-karajaan nepi ka hikayat para nabi.

Hirupna dongéng téh digunakeun pikeun alat nepikeun atikan ti pangarang ka masarakat nu ngadéngékeunana. Ku lantaran nu ngarangna geus teu kapaluruh, jadi dongéng téh geus jadi milik balaréa, keur balaréa pieunteungéun dina hirup kumbuh sapopoé.

Umumna di tatar Sunda mibanda dongéng rakyat nu béda-béda nu jadi ciri kadaéranana, mangrupa dongéng sasakala, parabel, mite, fabel, jeung mangrupa dongéng séjénna. Dongéng téh mangrupa carita balaréa (folklore). Sumebarna dilingkungan masarakat tatalépa sacara lisan. Biasana beuki loba anu ngadongéngkeunana caritana beuki ngarekahan sabab mindeng ditarambahan (Faturrohman, 1983:4). Saperti ti indung ka anak, ngaliwatan média dongéng hayang nepikeun hiji pesen atawa amanat anu mangpaat pikeun

kamekaran watek kapribadianana. Rusyana (1992:18) nétélakeun yén dongéng téh kaasup kana golongan carita, anu umumna carita anu parondok. Dina dongéng sok aya bagian anu pamohalan, umpamana jalan carita, palakuna, atawa waktu kajadianana. Dongéng kaasup kana wangun lancaran (prosa), tapi sakapeung sok di selang ku wangun ugeran (puisi) anu disebut kawih.

Iskandarwassid (1996:4) nétélakeun yén nu di maksud dogéng téh nya éta: salah sahiji golongan carita dina wangun prosa (lancaran). Sakapeung sok kaselapan bagian nu di kawihkeun, umumna parondok. Turun-tumurun jeung sumebarna sacara lisan tara kapaluruh saha pangarangna atawa anu nyiptana. Nilik wandana jeung eusina dongéng téh kaasup rékaan baheula. Patempatan anu jadi latarna mindeng tétéla gambaran kaayaan baheula, tokoh-tokohna henteu manusa wungkul tapi ogé sasatoan, buta atawa mahluk-mahluk séjéna. Kajadian-kajadian caritana sakapeung karasa pamohalan, carita rékaan heubeul anu mindeng ngolah siloka atawa alégori golongongan tina carita rakyat dina wangun prosa, anu ku masarakat eusina dianggap bener kajadian. Dongéng-dongéng anu basana sumebar lisan téh geus réa anu dibukukeun mangrupa kumpulan dongéng.

Sanajan dongéng geus kapangaruhan ku sastra tinulis tur loba anu geus gelar dina wangun tulisan, tarékah pikeun ngamumulé dongéng tetep jadi bagian tina sastra lisan kudu leuwih maju.

Anggota masarakat nu barogaeun dongéng umumna nu geus karolot, boh aki-aki, boh nini-nini. Sedengkeun kiwari, jajaheun daék pangngadongéngkeun biheung kana dongéngna ogé geus teu arapaleun.

Alesan nu dipaké dasar ku kolot-kolot ayeuna, alatan teu bisa ngumpul jeung kulawargana. Rebun-rebun kénéh méméh budak hudang, indung bapana geus arindit ka tempat pagawéanana séwang-séwangan, leuwih mentingkeun karirna. Budak hudang téh, nu kasampak ngan *Babuna*. Sabab teu saeutik kolot nu leuwih mentingkeun kana urusan duit. Ari baralik dina waktu budak geus tibra saré, iraha rék ngumpulna, jajuheun bisa pangadongéngkeun, nepi ka budak teu kapaliré.

Malahan aya nu boga pikiran yén urusan nu kitu mah geus diséréankeun ka lembaga pendidikan formal, nya éta sakola. Akibatna budak kurang ngawasa basa indungna, kurang nyaho kana dongéng indungna baheula. Budak leuwih resep kana komik-komik, nonton film-film kartun, sinétron, jeung apal deuih kana tokoh-tokohna.

Ku alatan éta, panalungtik hayang ngadéskripsikeun kamampuh ngadongéng siswa. Kumaha kamampuh ngagunakeun basa, éksprési, jeung maham eusi nu aya dina dongéng, nu ngawujud dina wangun ngadongéng.

Nilik kana kasang tukang tadi, ieu panalungtikan téh dijudulan *Kamampuh Ngadongéng Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung Tahun Ajaran 2006-2007*.

## **1.2. Watésan Jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1. Watesan Masalah**

Nu jadi watesan dina panalungtikan ieu , nya éta kamampuh ngadongéng dina ngagunakeun basa, éksprési, jeung maham eusi nu aya dina dongéng.

### **1.2.2. Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah diluhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan téh nya éta:

- 1) Kumaha kamampuh ngagunakeun basa dina ngadongéng siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung?
- 2) Kumaha éksprési dina ngadongéng siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung?
- 3) Kumaha kamampuh maham eusi éta dongéng?
- 4) Kumaha kamampuh ngadongéng siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung?

## **1.3. Tujuan Panalungtikan**

Tujuan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta hayang ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh ngagunakeun basa dina ngadongéng siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung;
- 2) éksprési dina ngadongéng siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung;
- 3) kamampuh maham eusi éta dongéng; jeung

- 4) kamampuh ngadongéng siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung.

#### **1.4. Anggapan Dasar**

Anggapan dasar dina ieu panalungtikan diantarana:

- 1) Ngadongéng kaasup pangajaran nyarita anu kudu diajarkeun di sakola-sakola.
- 2) Ngadongéng kudu di mekarkeun deui.
- 3) Pembelajaran nyarita mangrupa bagian tina bahan pangajaran nu kudu ditepikeun dina pangajaran basa.
- 4) Kamampuh ngadongéng siswa téh bisa diukur.

#### **1.5. Mangpaat Panalungtikan**

##### **1.5.1. Mangpaat Tioritis**

Nu jadi mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta bisa méré sumbangan pikiran pikeun sisitem pendidikan dina alternatif pemilihan téhnik pembelajaran nyarita.

##### **1.5.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis nu dipiharep tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Pikeun Anu Nalungtik

Nu nalungtik bisa ngukur kamampuh siswa dina ngadongéng.

2) Pikeun Guru

Guru meunang informasi ngeunaan kamampuh siswa dina ngadongéng, jeung bisa nangtukeun stratégi pikeun nepikeun pembelajaran nyarita.

3) Pikeun Siswa

Siswa bisa ngukur kamampuhna dina ngadongéng, umumna dina pembelajaran nyarita, jeung nambahan motivasi pikeun pembelajaran satuluyna.

4) Pikeun Sakola

Méré informasi anu kongkrit ngeunaan kamampuh siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung dina pembelajaran nyarita (ngadongéng).

5) Pikeun Masarakat

Masarakat bisa nyaho, yén dongéng téh masih sumebar tur aya pangajaranana di sikola-sakola.

### 1.6. Wangénan Operasional

Ieu panalungtikan dibéré judul Kamampuh Ngadongéng Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung Tahun Ajaran 2006-2007.

Sangkan aya gambaran ngeunaan éta judul perlu dijéntrékeun wangenan istilah dina ieu panalungtikan.

Kamampuh ngadongéng nya éta kaparigelan ngagunakeun basa, éksprési, jeung maham eusi anu aya dina dongéng.

## 1.7. Prosedur Panalungtikan

### 1) Tatahar

Aspék-aspék nu disiapkeun

- a) Nyodorkeun proposal panalungtikan;
- b) Ngayakeun seminar;
- c) Nyusun rarancang panalungtikan;
- d) Ngayakeun telaah pustaka; jeung
- e) Nangtukeun sumber data.

### 2) Ngumpulkeun Data

Ngalaksanakeun tés ngeunaan kamampuh ngadongéng siswa kelas

X SMA Pasundan 2 Bandung.

### 3) Tahap Ngolah Data

- a) Mariksa sakabéh data anu geus dikumpulkeun;
- b) Méré jeung ngitung skor hasil tés;
- c) Ngadéskripsikeun jeung napsirkeun data hasil tés;
- d) Nyieun kacindekan hasil panalungtikan.

### 4) Nyusun Laporan Hasil Panalungtikan

